



## **Politik sou asistans finansye ak politik sou asistans finansye (Charity Care/Kid Care/Medicaid) – Rezime nan langaj senp**

Politik sou asistans finansye HackensackUMC Mountainside ak politik sou asistans finansye (Charity Care/Kid Care/Medicaid) (ki vin aprè a, ansanm, "FAP") egziste pou bay pasyan ki elijib yo sèvis swen sante nan kadijans oswa lòt swen sante ki medikalman nesesè nan tarif ki pasyèlman oswa konplètman redui HackensackUMC Mountainside ofri. Pasyan k ap chèche jwenn asistans finansye dwe aplike pou pwogram nan, ki rezime nan dokiman sa a.

Sèvis ki elijib- Sèvis kadijans oswa lòt sèvis swen sante ki medikalman nesesè HackensackUMC Mountainside ofri epi HackensackUMC Mountainside voye fakti pou yo. FAP a aplikab sèlman pou sèvis HackensackUMC Mountainside voye fakti pou yo. Lòt sèvis kote lòt founisè yo voye fakti pou yo separeman, tankou doktè oswa laboratwa, pa elijib nan FAP a.

Pasyan ki elijib- Pasyan k ap resevwa sèvis ki elijib, ki soumèt yon aplikasyon pou asistans finansye konplè (ikonpri dokimantasyon/enfòmasyon ki gen rapò ak sa) epi HackensackUMC Mountainside detèmine yo elijib.

Ki jan pou m aplike?- Ou ka jwenn/ranpli/soumèt FAP ak fòm aplikasyon ki gen rapò ak sa konsa:

Gade enfòmasyon an sou sitwèb Sant Medikal la: Yon moun ka gade enfòmasyon konsènan asistans finansye a sou entènèt la sou sitwèb sa a:

<http://www.mountainsidehosp.com/>

Aplikasyon- Yon moun ka aplike pou asistans finansye lè I ranpli yon kopi aplikasyon an sou papye. Aplikasyon sou papye a disponib gratis pa mwayen nenpòt nan metòd sa yo:

Pa lapòs: Lè w ekri nan adrès ki vin aprè a epi w mande yon kopi aplikasyon asistans finansye a sou papye:

1 Bay Avenue  
Montclair, NJ 07042

An pèsòn: Lè w pase nan Depatman Asistans Finansye a an pèsòn (lendi a vandredi, 9:00 AM-5:00 PM), ki nan adrès sa a:

1 Bay Avenue  
Montclair, NJ 07042

Pa telefòn: Ou ka kontakte Depatman Asistans Finansye a lè w rele (973) 429-6000, Ekst. 5910.

Lang ki disponib- Politik sou asistans finansye a, aplikasyon an ak rezime nan langaj senp lan disponib nan lang matènèl nenpòt popilasyon ki gen konpetans limite nan lang anglè (limited proficiency in English, "LEP") ki reprezante senk (5%) poustan oswa 1,000 moun, nenpòt sa ki pi piti a ki nan zòn sèvis Sant Medikal la kouvri.

Ou ka voye aplikasyon ki ranpli yo nan Financial Assistance Department ki nan 1 Bay Avenue Montclair, NJ 07042.

Detèminasyon elijiblite pou asistans finansye- Jeneralman, moun ki elijib yo kalifye pou asistans finansye, lè yo itilize yon barèm degresif, lè revni fanmi yo nan nivo 500% oswa pi ba pase direktiv povrete federal gouvenman federal la (Federal Poverty Guidelines, FPG). Elijiblite pou asistans finansye siyifi moun ki elijib

yo pral resevwa kouvèti konplè oswa pasyèl pou swen yo resevwa, epi yo pap chaje yo plis pase “montan yo jeneralman chaje (Amounts Generally Billed”, AGB) moun ki gen asirans (AGB, jan sa defini nan IRC Seksyon 501(r) daprè Internal Revenue Service). Yo detèmine nivo asistans finansye, ki baze sèlman sou revni fanmi an ak FPG, si revni an rive nan 500% FPG a.

Nòt- Yo konsidere kèk lòt kritè ki depase FPG (pa egzanp, disponiblite lajan kach oswa lòt byen pasyan an ka konvèti an lajan kach, ak revni nèt pa mwa ki rete aprè depans mansyèl fanmi an), ki ka lakòz kèk eksepsyon ak sa k sot mansyone anwo a. Si yo pa rapòte okenn revni pou fanmi an, yo pral bezwen bay enfòmasyon sou fason bezwen kotidyen fanmi an satisfè. Depatman Asistans Finansye HackensackUMC Mountainside la egzamine aplikasyon yo soumèt ki fin ranpli, epi li detèmine elijiblite pou asistans finansye ann akò ak politik sou asistans finansye HackensackUMC Mountainside. Yo pa konsidere aplikasyon ki pa fin ranpli, men yo enfòme aplikan yo epi yo ba yo opòtinite pou yo bay dokimantasyon/enfòmasyon ki manke a.

Pou jwenn èd, asistans oswa si w gen kesyon, tanpri vizite oswa rele Depatman Asistans Finansye a an pèsòn (lendi a vandredi, 9:00 AM-5:00 PM), ki lokalize nan: 1 Bay Avenue, Montclair, NJ 07042, oswa rele (973) 429-6000, Ekst 5910.